

**NeMutungamiri  
Henry B. Eyring**  
Mutevedzeri Wekutanga  
muHutungamiri Hwekutanga



# Kushandira neUpenyu Husingaperi

**M**uponesi ndiye muenzaniso wedu wekushandira kusina undingoveni. Upenyu hwake hwakarurama hwaiva hwakapirwa pakushandira Baba Vekudenga nevana vaBaba Vake vose. Chinangwa chiri pamwechete chaBaba neMwanakomana ndechekutipa tose chipo chekusafa neropafadzo reupenyu husingaperi (ona Mosesi 1:39).

Kuti tikodzera upenyu husingaperi, tinofanira kushandurwa kuburikidza neRudzikinuro rwaJesu Kristu—kuzvarwa zvakare uye tocheneswa kubva muchivi. Vana vadiki vari pasi pemakore masere, zvisinei, havana chivi uye vanonunurwa kuburikidza neRudzikinuro (ona Mosaya 3:16, 21; Moronai 8:10–12).

Kunesu tose tinosvika pazera rekuzvidairira, pane chironywa chakanakisisa chinotibvumira kuti ticheneswe kubva kuchivi nokugadzirirwa kuupenyu husingaperi. Gadziriro iyoyo inotanga nerubhabhatidzo nemvumo yehupirisita uye negashiro yeMweya Mtsvene. Zvino tinofanira kugara tichiyeuka Muponesi uye tichichengeta mirairo yaAkatipa.

Mambo Benjamin akaudza vanhu vake muBhuku raMormoni nezverufaro runouya kubva mukunzwa ruregerero kubva kuchivi kuburikidza neRudzikinuro rwaJesu Kristu. Zvino akavadzidzisa kuti, kuitira kuti vachengetedze ruregerero rwezvivi zvavo, vanofanira

kudzidzisa vana vavo kuti vashandirane uye vanofanira kuva vanopa nemakwanisiro avo ose kuitira kuti vazadzise zvidikanwi zvenyama nezvemweya zveavo vakavakomberedza. (Ona Mosaya 4:11–16.)

Akadzidzisawo kuti, “Uye tarisai, ndinokuudzai zvinhu izvi kuti mudzidze ungaru; kuti mudzidze kuti kana muri mukushandira vamwe venyu munenge muri mukushandira Mwari wenyu” (Mosiah 2:17).

Jesu akafamba achidzidzisa vhangeri Rake nekuita zvakanaka (ona Mabasa AvaApositora 10:38). Akaporesa vanorwara. Akamutsa vakafa. Nesimba Rake Akapa kudya kuzviuru apo pavakanga vainenzara uye vasina zvokudya (ona Mateo 14:14–21; Johane 6:2–13). Mushure mekuMutswa Kuvakafa Kwake Akapa kudya kune vamwe vevaApositora Vake apo pavakauya kumahombekombe pagungwa reGarirea (ona Johane 21:12–13). MumaAmerica, Akaporesa vanorwara akaropafadza vana mumwe nemumwe (ona 3 Nifai 17:7–9, 21).

Jakobho muApositora akatidzidzisa kuti chido chekushandira vamwe chinouya sei chichibva pakutenda kwedu kwezvatakaitirwa naIshe:

“Asi munhu unocherekedza murairo wakakwana iwo murairo wokusunungurwa, akaramba achidaro, asati ari munzwi anokanganwa, asi muiti webasa, iye ucharopafadzwa pane zvaanoita. . . .

“Kunamata kwakarurama kusine mhosva pamberi paMwari wedu naBaba, ndiko kufambira nherera nechirikadzi pakutambudzika kwavo, nokuzvichengeta kuti arege kusvibiswa nenyika” (Jakobho 1:25, 27).

Imwe yevimbiso yekuti urikutsveneswa ndeye chido chinoramba chichiwedzera chekushandira vamwe kuitira Muponesi. Dzidziso yekumba nedzidziso yekushanyirana zvinova zvinhu zvatinoita nerufaro uye zvorega kuva sechimwe chinhu chatinonzwa kusungirwa kuita. Unozviwana iwe pachako uchizvidira wega kunobatsira kakawanda pachikoro chemunzvimbo yenyu kana kubatsira kutaririra vanoshaya munzvimbo yenyu maunogara. Kunyange ungange uine mari shoma yekupa avo vanezvishoma, unodemba kuti dai wanguine yakawanda kuitira kuti ugokwanisa kupa yakawanda (ona Mosaya 4:24). Unozviwana uchidzisa kushandira vana vako uye nekuvaratidza mashandiro avangaitira vamwe.

Apo hunhu hwako pahunoshanduka, unozonzwa chido chekupa mushando mukurusa usina tarisiro yekutendwa. Ndinoziva vadzidzi veMuponesi vakapa zvipo zvikuru zvemari nemushando nechido chikuru chekuti hakuna mumwe kunze kwaMwari uye nevana vavo vaizoziva nezvazo. Mwari vakacherechedza mushando wavo nekuvaropafadza muupenyu huno, uye Vachavaropafadza muupenyu husingaperi huchauya (ona Mateo 6:1–4; 3 Nifai 13:1–4).

Apo pawakachengeta murairo wekushandira vamwe (ona Mateo 22:39), wakanzwa shanduko mumanzwiro ako erudado. Muponesi akatsiura vaApositora Vake apo pavaitirana makakatanwa pamusoro pekuti ndiani aizova mukuru-kuru pakati pavo. Akati:

“Musaidzwawo vatenzi: nokuti mumwechete ndiTenzi wenyu, iye Kristu

“ Asi mukuru pakati penyu ngaave muranda wenyu” (Mateo 23:10–11).

Muponesi anotidzidzisa makwanisiro atingaita kudizidza kushandira vamwe. Akashanda zvakarurama, uye tinofanira kudzidza kushandira sekudzidza kwaAka-ita—mutsetse nemutsetse (ona D&Z 93:12–13). Kuburikidza nemushando watinopa, tinokwanisa kuva saIye zvakawedzerwa. Tinozonamata nesimba rose remwoyo yedu kuti tide vavengi vedu sekuda kwaAnovaita (ona Mateo 5:43–44; Moronai 7:48). Zvino pokupedzisira tingangozova vakakodzera upenyu husingaperi naIye naBaba Vekudenga.

Ndinovimbisa kuti tinokwanisa kusvika pakushandira zvakananyorurama apo patinotevera dzidziso nemuenzaniso zveMuponesi.

---

## KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Gosa M. Russell Ballard veChikwata cheVaapositora Gumi neVaviri vakatikurudzira kuti tinamatire mikana yekushandira: “Mumunamato wako wemangwanani zuva idzva rega rega, kumbira Baba Vekudenga kuti vakutungamirire kuona mukana wekubatsira mumwe wevana Vavo vanokosha. Zvino woswera zuva rose . . . uchitsvaga mumwe munhu wekubatsira” (“Be Anxiously Engaged,” *Ensign* kana *Liahona*, Mbudzi 2012, 31). Funga kukoka avo vaunodzidzisa kuti vamise chingwa chekunamatira mangwanani ega ega mikana yekushandira uyezve nekuitsvaga muzuva rose.

## VECHIDIKI

### Mhinduro kuMunamato Wake

NaSiphilile Khumalo

**M**amwe manheru shamwari yangu yechimwe chitendero yakandishanyira. Ndinowanzo nzvera magwaro matsvene angu ndiri ndega, uye ndakanga ndaaburitsa kuti ndinzvere manheru iwayo. Ndakafemerwa kuti ndimukoke kuti abatane neni mukunzvera kwangu magwaro matsvene, asi ndakatya uye ndikatanganga kunzvera ndiri ndega. Ndakaziva kuti ndakanga ndaramba kuteerera kufemero yeMweya. Mushure memaminiti mashoma ndakabvunza zvakanyatsonaka kuti, “Ungade kunzvera magwaro matsvene neni here?” Pasina kuzengurira shamwari yangu yakapindura ichi, “Hongu”

Zvino takaverenga kubva muBhuku raMormoni. Akandibvunza mimwe mibvunzo, uye ndakanzwa Mweya uchinditungamira apo pandaipindura. Ndakapa uchapupu hwangu hwehuchokwadi hweBhuku raMormoni. Mushure mekunge ndaita izvi, akanditaurira kuti, “Ndanga ndichichema uye ndichitya zvikuru zuva rose. Ndangandichangobva mukunamatira rubatsiro kunaMwari apo pawandikumbira kuti ndinzvere magwaro matsvene newe. Ndavakunzwa zviri nani zvikuru iyezvino. Wazvita.”

Ishe vakanga vandishandisa semudziyo wekupindura munamato uye wekushandira mumwe wevana Vavo aive nechidikanwi. Ndinoziva kuti femero irairo tsvene dzinobva kuna Baba vakangwara, vanoshamisa. Apo patinobvisa matiri kutya kwedu, tinoVabvumira kuti varatidze simba Ravo kuburikidza nekuteerera kwedu.

*Munyori wenyaya iyi anogara muGauteng, South Africa.*

## VANA

### Tsvaga Nzira dzeKushandira

**U**nokwanisa kusarudza kutevera Jesu Kristu nekushandira vamwe. Tara mufananidzo wako iwe pachako uchishandira nhengo yemhuri kana shamwari uye woisa mufananidzo wako uyu paunokwanisa kukuyeuchidza kuva netsitsi zuva rega rega.

© 2014 ne Intellectual Reserve, Inc. Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo yeMuchirungu: 6/13. Mvumo yedudziro: 6/13. Dudziro ye *First Presidency Message, March 2014*. Shona. 10863 731



# Basa Dzvene raJesu Kristu: Chiedza cheNyika

*Nemunamato dzidza shoko rino uye tsvaga kuziva zvekugovera. Kunzwisisa upenyu nebasa reMuponesi kunozowedzera sei rutendo rwako maAri nokuropafadza avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana? Kuwana rumwe ruzivo, enda kuwww.reliefsociety.lds.org.*

*Ichi ndicho chokutanga muzvitevedzano zvezvinyorwa zveMashoko eDzidziso Yekushanyirana zvinopa zvimwe zvikamu zvebasa reMuponesi.*

**A**po patinosvika pakunzwisisa kuti Jesu Kristu ndiye Chiedza cheNyika, tinozowedzera rutendo rwedu maAri uye tova chiedza kune vamwe. Kristu akapupura nezve basa Rake “sechiedza chechokwadi chinojekesera murume wese [nemukadzi] anouya munyika” (D&Z 93:2) uye akakumbira kuti “tisimudze mwenje [Wake] kuti uvhenekere nyika yose” (3 Nifai 18:24).

Vaporofita vedu vakapupurawo nezve Chiedza chaKristu. Mutungamiri Henry B. Eyring, Mutevedzeri Wekutanga muHutungamiti Hwekutanga, vakati: “Nguva yega yega yaunosarudza kuedza kurarama seMuponesi, uchapupu hwako hunozosimbiswa. Pakupedzisira unozosvika pakuzvizivira kuti Ndiye Chiedza cheNyika. . . . Unozoraidza kunevamwe Chiedza chaKristu muupenyu hwako.”<sup>1</sup>

Gosa Quentin L. Cook ve-Chikwata chevaApostora Gumi neVaviri vachitaura nezve chiedza kunyika vakati: “Tinofanira kudzivirira mhuri dzedu uye tova

pamberi-mberi pamwechete nevanhu vese vane chido chakanaka mukuita zvose zvatinokwanisa kuchengetedza chiedza, tariro, nehunhu hwakanaka munzvimbo dzedu dzatigere.”<sup>2</sup>

## **Kubva muMagwaro Matsvene**

Johane 8:12; Dzidziso neZvibvumirano 50:24; 115:5

## **Kubva muNhoroono Yedu**

**M**adzimai eVatendi vaMazuva Ekupedzisira nhasi vanonderera mberi kusimudzira chiedza chavo.

Muchivako chakavakwa chichikwira mudenga muHong Kong, China, muchikamu chedzimba chechimakumi masere, mumwe sisita aiva asina murume uye arichirema—uyo aiva iye chete Mutendi waMazuva Ekupedzisira mumhuri yake—akazvigadzirira imba yaiva dziviriro umo iye nevaenzi vake mavaikwanisa kunzwa kurudziro yeMweya. Aichengeta magwaro ake matsvene, mabhuku ake eChita cheRubatsiro, nebhuku rake renziyo dzesvondo padyo. Aienda kute-mberi kunoita zvisungo zvemadzita-teguru ake.<sup>3</sup>

MuBrazil amai vakarurama vakakudza vana vavo muchiedza chevhangeri. Nziyo dzePuraimari dzaizadza mhengo muimba yavo yezvidhina zvitsvuku, uye mifananidzo kubva muLiahona yematemberi, vaporofita vaMwari, neMuponesi yakazadza madziro. Iye nemurume wake vakazvipira kuti vasunganidzwe mutemberi kuitira kuti vana vavo vagokwanisa kuzvarwa muchibvumirano. Munamato wake nguva dzose wakanga uri wekuti Ishe vago-mubatsira kukudza vana vake muchiedza, chokwadi, nesimba revhangeri.<sup>4</sup>

## **KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA**

1. Henry B. Eyring, “A Living Testimony,” *Ensign* kana *Liahona*, Kubvumbi 2011, 128.
2. Quentin L. Cook, “Let There Be Light!” *Ensign* kana *Liahona*, Mbudzi. 2010, 30.
3. Ona *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 51.
4. Ona *Daughters in My Kingdom*, 36–37.

## **Chii Chandingaite?**

1. Kurukura zvazvinoreva kuva chiedza kunyika nhasi.
2. Fungisisa pamusoro pekuti kutevera chiedza chaKristu kunokubatsira sei kushingirira pazviedzo.